**उसारब usārab** *vt* 1. कार्यक गति तेज करब। work speedily. 2. पसारल दोकान आदि समटब। wind up. **उसार** *n*.

**उसाँस usās** [उच्छ्वास] *n* दम लेब, विश्रान्तिक अनुभव। rest, breather.

**उसाहब usāhab** [उत्साभ] *vt* लक्ष्य कए अस्त्र उठाएब। aim (a weapon) at.

**उसिनब usinab** [उत्स्विन्न] *vt* तप्त पानिमे सिझाएब। par boil in water; simmer. **उसिना** *n* सोझे उसिनिकें पकाओल खाद्य पदार्थ। anything prepared simply by boiling. ~ **चाउर** *n* उसिनिकें कूटल गेल चाउर। par boiled rice.

**उसुक-पुसुक usuk-pusuk** *See उकस-पाकस।*

**उहिगर uhigar** *adj* सहज बोधवाला। quick witted.

**उहँ, उहूँ ūh, uhū** *int* अस्वीकृति, अप्रियता आदिक सूचक अव्यय। Denotes disapproval, annoyance.

**ऊ**

ū वर्णमालाक छठम अक्षर। 6th letter of alphabet.

**ऊँ ū** *int* आपत्ति, जिज्ञासा आदिक सूचक अव्यय। Denotes objection, interrogation.

**ऊ ū** *pro* ओ। that.

**ऊअल ūal** *obs adj* उगल। risen (sun).

**ऊक ūk** [उल्का] *n* डण्टाक अग्रभागमे पजारल आगि जकर धधराक प्रकाशमे लोक चलैत छल, मसाल। torch of straw. **ऊका-ऊकी** *See उका-उकी।*

**ऊखि ūkhi/uikh** [इक्षु] *n* कुसिआर। sugarcane.

**ऊगब ūgab** *vi* उगब। rise.

**ऊँच ūch** [उच्च] *adj* उन्नत। high. **ऊँचे सुनब** *adv* श्रवणशक्ति मन्द होएब। hear hard.

**ऊँट ūt** [उष्ट्र] *n* एक चतुष्पद जन्तु। camel.

**ऊद ūd** *n* एक जलजन्तु जे माछ खाइत अछि। otter. ~ **चढ़ब** *vi* (लाक्ष) सनक सवार होएब। be crazy.

**ऊन¹ ūn** [ऊर्णा] *n* भेड़ीक कोमल रोम। wool. **ऊनी** *adj* ऊनक बुनल (कपड़ा)। woollen.

**ऊन²** *adj* कम, अल्पतर। less.

**ऊपर ūpar** *adv* ऊर्ध्व दिशामे। above, over, on.

**ऊभी ūbhī** *n* वाँसक वातीक टाकु जाहिसँ घर छारबामे बन्धन देल जाइछ। large needle made of a stick used in thatching.

**ऊमी ūmi** *n* 1. काँच मड़ुआक पिसान। flour of raw finger millet. 2. मड़ुआक काँच डेंसरक ओरहा। roasted green ears of finger millet/coracum.

**ऊरी-बीरी ūri-biri** *n* आतुरता। eagerness. ~ **लागब** *vi* आतुर होएब। be restlessly eager.

**ऊरु ūru** *cls n* जाँघ। thigh.

**ऊर्जस्वल ūrjasval** *adj* शक्ति ओ तेजसँ युक्त। energetic, vigorous. Also **ऊर्जस्वी**।

**ऊर्जा ūrja** *n* भौतिक शक्ति। energy, power.

**ऊर्ध्व ūrdhva** *adv* उपर दिस। upward. **°मुख** *adj* उपर दिस मुह कएने। facing upward, vertical; rising. **°श्वास** *n* तेज उसास जे मरबाक काल चलैत छैक। last panting.

**ऊर्मि ūrmi** *cls n* तरङ्ग, ढेउ। wave, surge. **ऊर्मिल** *adj* उच्छल, तरङ्गित। surging.

**ऊषा ūshā/ukhā** *n* उषा, भोर। *See उषा।*

**ऊष्म ūkhma** *adj* तपत, गरम। warm, tepid. **ऊष्मा** *n* 1. ताप। heat. 2. उमस। sultriness. 3. ऊष्मोत्सर्जक ध्वनि—*श, ष, स, ह।* spirant.

**ऊस ūs** *n* माटिमे उत्पन्न क्षार जाहिसँ पूर्वमे धोबि कपड़ा धोऐत छल। alkaline soil formerly used in washing clothes. **ऊसर** *adj* ऊसवाला अनुर्वर (खेत)। (land) containing alkali, hence barren.

**ऊह ūh** *n* 1. तर्कशक्ति, सहजबोध। quick wit. 2. अनुमान/स्वबुद्धिसँ वाक्यमे शेष भागक पूर्ति। supply by inference to make sense/sentence complete. **ऊहापोह** *n* तर्कवितर्क। reasoning. **ऊहि** *n* 1. *See* ऊह (2). 2. स्वतःप्रेरणा, प्रत्युत्पन्नमति। initiative; presence of mind, flash of idea, inventive power.

**ऋ**

ri वर्णमालाक सातम अक्षर। 7th letter of alphabet.

**ऋक् rik** *n* 1. ऋग्वेद। The Rigveda. 2. *See ऋचा।*

**ऋक्थ rikth** *cls n* 1. मृत व्यक्ति द्वारा परित्यक्त सम्पत्ति। property bequeathed, bequest. 2. पूर्वजक अवदान। inheritance.

**ऋचा richā** *n* वैदिक सूक्तक एक-एक श्लोक/कड़ी। stanza of Vedic hymn.

**ऋजु riju** *adj* सोझ, सरल। straight, simple.

**ऋण riṇ** *n* करजा, उधार, पैंच। debt, loan. *adj* विकलनात्मक मूल्यवाला। of minus value. **ऋणी**